


MUFANANIDZO WERUDO



Chidzidzo 7 cha Nyamavhuvhu 15, 2026

**"Zino kutenda, netariro, norudo, zitatu izi, ndizo zinogara; asi cikuru pakati pazo ndirwo rudo."
(1 VaKorinte 13:13)**



Chitsauko 13 cha1 Vakorinte chinosvikanwa se "chitsauko cherudo." Hachitsananguri rudo rwevakaroorana kana rwepabonde, asi rudzi rwakadzama zvikuru rwerudo: rudo rwaMwari.

Pauro anotsanangura zvakanaka kwazvo nzira yekuratidza nayo muhupenyu hwedu rudo rwaMwari rwakadururirwa mumoyo yedu(VaRoma 5:5).

Rudo ndirwo runotungamirira zviito zvedu zvese, uye chikonzero chinoita kuti tiite zvinhu zvinobatsira avo vatinosangana navo.



MUFANANIDZO WERUDO

**Kupfuura zvose
kwerudo**

Hunhu hwerudo

**Kutsungirira
kwerudo**

**Nzira
yakaigo-n
aka
inopfuur
a dzose**

**Zvinoit
wa
nerudo**

**Zvising
aitwe
nerudo**

**Mufana
nidzo
waJesu**

**Hunhu
Hukuru
Kupfuura
Hwose**

KUPFUURA
ZVOSE
KWERUDO



NZIRA YAKAIŖO-NAKA INOPFUURA DZOSE

“Asi shingairirai zipo zikuru.Ndinokuratidzai vo nzira yakaiŖo-naka inopfuura dzose.” (1 VaKorinte 12:31)



Rudzi rwerudo rwakaita sei rwuri kuratidzwa naPauro mu1 VaKorinte 13, uye nei ruchipfuura chipo chipi zvacho chemweya? (1 VaKo. 12:31-13:3)

Mumutauro wechiGiriki mune mazwi akawanda anotsanangura rudo. Pauro anosarudza shoko rekuti *agape* (rudo rusingazvifunge, rusingatarisiri chimwe chinhu, uye runotsvaga zvakanakira munhu anodiwa chete), iro riri iro shoko rimwe chete rinoshandiswa naJohani paanoti“Mnari rudo” (1 Johani 4:8).



Hapana chipo chemweya chinobatsira kana chisiri kushandiswa tichitungamirirwa nerudo rwerudzi urwu. Kutaura zvazviri, zviito zvedu nemafungiro edu zvese zvinofanira kuzadzwa nerudo rwe *agape*.



Jesu akatinyevera kuti, nekuda kwehuipi, rudo urwu ruchatonhora (Mateu 24:12). Asi hatifaniri kubvumira kuti izvi zviitike kwatiri, mudzimba dzedu, kana mumasangano edu.



HUNHU HWERUDO



ZVINOITWA NERUDO

“Rudo runomjoyo murefu, runomjoyo munyoro; [...] runofarira zokwadi; runofukidza zose, runotenda zose, runetariro pazose, runotsungirira pazose.” (1 VaKorinte 13:4-7)

**Runomjoyo
murefu**

makrothymeō: kuva
nemoyo murefu,
kutsungirira

Ratidza moyo murefu uye
shivirira zvikanganiso
zvevamwe

**Runomjoyo
munyoro**

jrēsteuomai : kuita zvine
mutsa

Iva netsitsi

**Runofarira
zokwadi**

synjairō: kuratidza tsitsi,
kukorokotedza

Fara neavo vanotsigira
chokwadi.

**Runofukidza
zose**

stegō: kufukidza
nekunyarara (kutsungirira
nemoyo murefu)

Vanza uye nyarara pamusoro
pezvikanganiso zvevamwe,
pasina kuzviburitsa pachena

**Runotenda
zose**

pisteuō: kuva nekutenda,
kupa rukudzo, kuvimba

Hapana kutonga zvakaipa,
asi panopihwa mukana
wekufunga zvakanaka

**Runetariro
pazose**

Elpizō: kumirira kana
kuvimba

Gara uchitarisira kuti
pane chinhu chakanaka

**Runotsungirir
a pazose**


hypomenō: kuramba,
kutsungirira, kuva nesimba
usingapererwi, kuramba
wakatsiga

Tsungirira kuomerwa,
miedzo, uye
kutambudzwa.



ZVISINGAITWE NERUDO

"[...] rudo harunegodo; rudo harunamanyawi, haruzikudzi; haruiti zisingafaniri, haruzitsakiri zarwo; harutsamji, harunezishura; harufariri zisakarurama [...]" (1 VaKorinte 13:4-7)



Harunegodo

zeloō: kuva negodo

Haruna godo nevaya vane zvimwe zvipo kana hunhu hwakanaka.

Harunamanyawi

perpereuomai: kuzvirumbidza, kuzvikudza

Harudi kurumbidzwa nevamwe

Haruzikudzi

fysioō: kuzvitutumadza

Haruzvioni rwakanyanyisa kukosha kupfuura zvarwuri

Haruiti zisingafaniri

asjēmoneō: kuita zvisina kufanira

Harupikisani nemitemo yemagariro netsika dzakanaka

Haruzitsakiri zarwo

zēteō: kutsvaga

Runosiya kodzero dzarwo nekuda kwevamwe

Harutsamji

paroxynō: Kurodza chinhu; kutsamwisa, kukurudzira kana kushatirisa

Harukurumidza kutsamwa

Harunezishura

logizomai: kuverenga zvinhu zviripo

Runoregerera nekufuratira zvinogumbura zvayakaitirwa.

Harufariri zisakarurama

jairō: kuva nemufaro, kana kunzwa zvakanaka

Harufari nezvikanganiso, asi runotsvaka kuzvigadzirisa

MUFANANIDZO WAJESU

"Uyu ndiwo murairo wangu, kuti mudane, seni ndakakudai imi." (Johani 15:12)

Akatsungirira
kurohwa,
kutukwa, uye
kuzvidzwa(Mat.
27:27-31)

Unomņoyo
murefu



Aiitira hanya ani
zvake ainge
achitambura

Unomņoyo
munyoro



Akadzidzisa
chokwadi
zvakajeka uye
nechivimbo
chakazara

Unofarira
zokwadi



Haana kutonga
mukadzi ane chivi,
asi
akamuregerer(Joh
ani 8:10-11)

Unofukidza
zose



Akavimba
nekurevesa
kwaZakeyo
• (Rk. 19:8-9)

Unotenda
zose



Akagadzirira
varume 12 kuti
vaite basa
raionekwa
serisingagoneke

Unetariro
pazose



Akatsungirira
nzara, kurambwa,
kurwadziwa, uye
kutambudzwa

Unotsungirir
a pazose



MUFANANIDZO WAJESU

"Uyu ndiwo murairo wangu, kuti mudane, seni ndakakudai imi.." (Johani 15:12)

Akanga asingatsvagi
rukudzo, uye
aiwanzova nevanhu
vanozvidzikisira

Haana godo



Kunyange zvazvo
aiva Mambo
weZvose, haana
kuzvirumbidza
nazvo.

Haana
manyawi



Ainge achida kuita
mabasa akaderera
zvikuru

Haazvikudzi



Aiitira munhu
wese zvinhu
neruremekedzo
uye nenzira
yakakodzera

Haaite
zvisingafaniri



Aigara achiita
kuda kwaBaba
vake.(Jn. 6:38)

Haazvitsvakiri
zvake



Kunyange
pavaimurova,
akapindura
neruremekedzo
(Johani 18:22-23)

Haatsamwi



Akakumbirira
ruregerero kune
avo
vakamurovera
pamuchinjikwa
(Rk. 23:34)

Haana
mashura



Akataura nehasha
kuvaFarisi vasina
kururama
(Mt. 23:27-28)

Haafariri
zvisakarurama



KUTSUNGIRIRA KWERUDO




HUNHU HUKURU KUPFUURA HWOSE

**"Zino kutenda, netariro, norudo, zitatu izi, ndizo zinogara; asi cikuru pakati pazo ndirwo rudo."
(1 VaKorinte 13:13)**

Kuburikidza nemafambiro avo, vaKorinte vairatidza zvinhu zvisingaitwe nerudo: vaiva negodo; vaizvirumbidza; vaizvikudza; vaiita zvinhu zvisina kufanira; vaingofunga zvavo chete; vaitsamwa nyore; vaiva nemweya wekutsiva; uye vaishivirira zvivi.

Sezvavakaita, tinofanira kusiya maitiro aya akaipa tova nehunhu hwerudo —sezvinotidzidzisa Pauro—kuitira kuti tikwanise kushandisa zvipo zvemweya nenzira kwayo. Anotikurudzirawo kuti tirambe tiine humwe hunhu huviri: kutenda netariro.



Kana Jesu auya, chivi hachichazovapo, uye tichava neupenyu husingaperi naye. Panguva iyoyo, chiporofita, kutaura nendimi, nezvimwe zvipo, pamwe chete nekutenda netariro, hazvichazodiwi. Asi rudo ruchagara nekusingaperi (1 Vakorinte 13:8).

“Mwari rudo. Rudo rwaBaba nerwoMwanakomana hunhu hunowanikwa mumutendi mumwe nomumwe. Shoko raMwari ndiro nzira inosvika nayo rudo rwaMwari kumunhu. Chokwadi chaMwari ndicho chinosvika kupfungwa dzemunhu. Mweya Mutsvene unopihwa munhu anoshanda pamwe chete nezvatumwa naMwari. Anoshandura pfungwa nemaitiro, zvichiita kuti munhu akwanise kutsungirira sokunge ari kuona Iye asingaoneki. Rudo rwakakwana runogona kuwanikwa chete kuburikidza nekutenda chokwadi nekugamuchira Mweya Mutsvene.”-Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (Our Father Cares, October 9)